# К.РАХМАНОВ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ЖАНРЛАР ЭВОЛЮЦИЯСЫ

**Сейтбеков Адилбай Батырбекович**
*филология илимлери бойынша философия докторы (PhD)*
*Әжинияз атындағы НМПИ, Қарақалпақ әдебияты кафедрасы доценти*

***Резюме:*** *Мақолада шоирнинг қорақалпоқ адабиётидаги орни ва ижоди шунингдек, поэзия жанрида яратган образларининг ранг-баранглиги ва жанрлар эволюцияси суз этилган.*
***Таянч сўзлар:*** *Ёзувчи, драматург, жанр, адабий турлар, трагедия, қисса, эпик асар.*

***Резюме:*** *В статье описываются место и творчество поэта в каракалпакской литературе, а также многообразие созданных им образов в жанре поэзии и эволюция жанров.*
***Ключевое слово:*** *Писатель, драматург, жанр, литературный жанр, трагедия, повесть, эпический произведение.*

***Summary:*** *The article describes the place and work of the poet in Karakalpak literature, as well as the variety of images he created in the genre of poetry and the evolution of genres.*
***Key words:*** *Writer, drama writer, janre, play, tragedy,stor, epic novel.*

К.Рахманов көркем әдебияттың үш түринде де шығармалар дөреткен авторлар қатарына киреди. Ол әдебиятқа дәслеп шайыр сыпатында кирип келген болса, поэзияда лирикалық жанрларда да, лиро-эпикалық, лиро-драмалық жанрларда да шығармалар дөретти. Шайырдың лирикасы кем-кемнен қурамаласып, жанрлық көптүрлиликке бет бура баслады. Оның поэзиясындағы өсиўшиликти өз ўақтында белгили поэзия изертлеўшиси профессор С.Ахметов та атап өткен еди: «Кеңесбай Рахмановтың әдебияттың барлық жанрларында өнимли ислеп киятырғанлығын биз жақсы билемиз. Поэзия тараўында оның өз өрнеги бар, тәсиршең қосықлары, поэмалары жетерли.» [1.390]

Буннан кейинги жылларда шайырдың қосықлары республика газеталары менен журналларында жәриялана баслады. Жыллар өткен сайын шайырдың поэзиясы көркемлиги, жаңалыққа умтылыўшылығы менен көзге түсти. Ол көркемлик үстинде арнаўлы изленислер алып барды. Шайыр белгили бир ҳәдийселерден сезимлениўден келип шыққан ойларын көркем пикирге ушластырды. Буның ушын көркем деталлар үстинде арнаўлы иследи. Мазмуны бойынша бир-бирине қарама қарсы болған еки деталды қатара сүўретлеў арқалы пикир көркемлигин арттырып барды ҳәм көркем формалар үстинде де арнаўлы изленислер жүргизди. Бул усыл К.Рахманов дөретиўшилигинде беккем орын

ийеледи ҳәм шайырдың көпшилик лирикалық шығармалары усы усылда жазылды.

«60-жыллардың орталарынан баслап алтылықлар ҳәм сегизликлер дөретиўде К.Рахманов айрықша көзге түсе баслады. Улыўма К.Рахманов излениўшең шайыр. Ол лириканың ҳәр қыйлы формаларында, жанрларында қосықлар дөретип қарақалпақ әдебиятын байытып келмекте…

…К.Рахманов бул алтылығында дәслепки еки қатарда пикирге кириспе жасайды ямаса оның тезисин береди. Үшинши, төртинши қатарларда пикирди буннан былайда раўажландырыў ушын антитезис келтиреди. Соңғы еки қатарда болса, ой-пикирге жуўмақ жасалады. Усы арқалы көркем поэтикалық пикирди усынады. Бундай етип пикирди жайластырыў тәртиби бир пүтин лирикалық шығармаларды еслетеди.

К.Рахманов сегизликлеринде де ҳәр қыйлы пикирлерди ямаса деталларды қатара, салыстыра сүўретлейди, яғный пикирлеўдиң қайталаў, параллелизм, антитеза усылларынан пайдаланады.

… Сегизликте жаңалық қәне? Жаңалық ең биринши гезекте шайырлық сезгирликте ҳәм шеберликте. Себеби, муҳаббат – бул ҳәммеге түсиникли туйғы болғаны менен оның еле сөз етилмеген, жырланбаған тәреплери көп. Усыны көре билиў – шайырлық сезгирлик. Ал, енди оны тәсиршең, көркем етип сүўретлеў шеберлик.» [ 2.208-211]

Ҳәзирги қарақалпақ лирикасының формалық көптүрлилиги бойынша арнаўлы изертлеўлер алып барған профессор Қ.Оразымбетовқа тийисли бул теориялық жуўмақлар К.Рахмановтың шайырлық излениўшилигин дәл ашып береди. Бизиң ойымызша поэзияда, әсиресе, лирикада автор басқа әдебий түрлерге салыстырғанда да жемисли мийнет етти. Бул оның әдебиятқа шайыр сыпатында кирип келгенлигинен ҳәм усы жанр үстинде көбирек изленислер алып барғанлығынан болса керек.

Шайырдың шеберлиги жыллар өткен сайын артып барды. Жоқарыда атап өткенимиздей ең биринши қосығы 1958-жылы жәрияланған болса, өмириниң ақырына шекем поэзияға садық қалды. Ол әсиресе, лирикалық дүркинлер дөретиўдиң шебери болды. «Гә балалық, гә жаслық», «О, муҳаббат», «Туңғышымыз қыз болса», «Өмир, сен уллысаң», «Сеннен узақта жазылған қосықлар», «Туўылған жер толғаныслары», «Ойлар мениң қанатым», «Маңғышлақ дәптеринен», «Солдат дәптеринен» атлы ҳәм басқа да дүркинлери қарақалпақ әдебиятында ең ылайықлы лирикалық дүркинлердиң қатарына киреди.

«О, муҳаббат» дүркини 10 қосықтан ибарат. Әлбетте, оларда мазмун бир-бирине жалғасып кеткен. Бириндеги пикир екиншисинде даўамланады. Қосықлардың ҳәммесинде де бир лирикалық қаҳарман ҳәрекет етеди, пикирлейди. Бирақ қосықларының сыртқы формасы да, ишки формасы да ҳәр қыйлы. Жети, он бир буйынлы қосықлар, төрт, бес қатарлы бәнтлер араласып жүр. Шайыр ҳәр бир қосығына өз алдына форма таңлаған.

Бәҳәр еди.
Бәҳәрде не жумысым?
Үйбетиңе қатнар едим қунысып.
Еситсем деп ағын суўдай күлкиңди,
Турар едим ийтиң менен урысып. [3.14]

Лирикалық қаҳарман туңғыш муҳаббаты, улыўма муҳаббат ҳаққында сезимлерге бериледи. Бул сезимлер тынық ҳәм илаҳий. Муҳаббат сезими ҳәр кимде жеке ҳалында болатуғыны түсиникли. Бирақ шайырдың усы сезимлерден туўылған татлы ойлары басқалар ушын да жат еместей. Ҳәр бир инсан өмиринде муҳаббат деген татлы сезимге дусласыўы тақыйқ. Солай екен, шайырдың бул қосық қатарларында ҳәр ким өзин көриўи де итимал. Жеке сезимнен туўылған ойларын улыўмалыққа айландыра алыўы шайырдың шеберлиги болып та табылады. Қосықтың биринши ҳәм екинши қатарын бирлестирсек, басқа қатарлардай он бир буўынлы қосық болады. Бирақ шайыр мақсетли түрде оларды еки қатарға ажыратқан. Өйткени, биринши қатар ўақыяның қайсы мәўсимде болып атырғанын баянлайды. Бирақ лирикалық қаҳарман ушын мәўсимниң әҳмийети жоқ. Оның өз муҳаббаты ушын умтылыўы, сүйген қызын бир көриўге ямаса оның сестин, күлкисин бир еситиўге қумарлығы мәўсимди де, мезгилди де таңламайды.

Жүргенимде ақ қағазға гәп тусап,
Жаслық изде қапты тосаң ат қусап,
Муҳаббат деп услатқаны жаслықтың,
Бахтым екен, мен жүриппен шад жасап.

Усы қатарлар арқалы шайырдың поэтикалық сөзге үлкен мәни беретуғынын аңғарыў мүмкин. «Жүргенимде ақ қағазға гәп тусап, Жаслық изде қапты тосаң ат қусап» деген қатарлар шынында да сулыў шыққан. Ақ қағазға гәптиң тусалыўы – әдебиятқа деген шайырдың жуўапкершилиги, ҳүрмети деп түсиниў керек. Бунда пикир ҳәм көркем, ҳәм образлы. Биз талқыға тартқан биринши қосықта өз муҳаббатына жетисиў ушын умтылып жүрген жас лирикалық қаҳарман бизиң көз

алдымызда турса, бул қосықта енди муҳаббаттан бахтын тапқан лирикалық қаҳарман бийнеленеди. Бунда лирикалық қаҳарман ойшаң, өмирден тәжирийбе топлап, сабақ алған. Сонлықтанда оның пикирлери лаўлап жанбайды, керисинше, басыңқы. Қосықтың сыртқы формасы мазмунға сай дүзилген. Қарысып кеткен уйқас қатнасады. Уйқас ушын алынған «гәп тусап, ат қусап» уйқаслары жүдә сәтли шыққан. Олар бир-бири менен пәкизе уйқасыў менен бирге пикир образлылығын да тәмийнлейди.

Ҳәр бир инсан ўатан алдындағы ўазыйпасын, жуўапкершилигин усылай түсиниў керек. Енди лирикалық қаҳарман кеңнен пикирлей алады. Бурынғы қосықларындағыдай жеке проблема жөнинде пикирлемейди, ал оның толғаныслары кең. Демек, шайырдың лирикалық қаҳарманлары өсиўшиликке ийе. Бул белги К.Рахманов дөретиўшилигинде жанрлар эволюциясын да көрсетип береди. Шайырдың шеберлиги, шығармаларының көркемлик дәрежеси кем-кемнен өсип барады. Буны дөретиўшилерде болыўы керек унамлы қубылыс сыпатында баҳаласа болады.

Солай етип, К.Рахмановтың лирикалық шығармаларының жанрлық түрлери рәң-бәрәң. Ол қарақалпақ классик поэзиясына тән болған дәстүрий қосықты да раўажландырды, Шығыс, Батыс әдебиятына тийисли лирикалық жанрларға да мүрәжәт етти, оларды қарақалпақ әдебиятында миллийлестирди, киши лирикалық формалардың ҳәр қыйлы түрлеринде қосық жазды. Оның шығармаларының лирикалық қаҳарманлары индивидуал пикирлей алады, өзиниң айтар сөзи бар. Лириканың баслы талапларының бири болған сезимталлық сақланған. Ҳәтте, ойшаң лирикаларында да пикирлеў сезим тийкарында пайда болады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**


1. Ахметов С. Талантқа талап. – Нөкис, «Қарақалпақстан» 1986.
2. Оразымбетов Қ. Таңламалы шығармалар топламы. – Нөкис, «Билим», 2018.
3. Рахманов К. Туңғышымыз қыз болса. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012.